

## **Bagay ké NYCHA Vlé pou Konin Chanjman ‘NYCHA’ ta vlé Fè Pou ané 2006**

Gin ou Lwa Fédéral pèmèt otorité ki okipé zafè kaye piblik pou fè kèk chanjman ou byen chanjé sa li té gin pou fè lan ané sa. Chanjman sa yo li pral fè ya li fèt pou li minm bagaye avek sa yo kon fè avan.

Koté ki okipé lojman ki rélé “NYCHA” pral rantré an kontak avek tout locatè sa yo ki sé réprésantan tout moun ki rété lan lojman piblik [Resident Advisory Board (RAB)] pou yo palé dé tout sa ki gadé Chanjman sa ké NYCHA gin pou li fè lan ané 2006; Li baye yo ou peryòd ki diré 45 jou pou yo byen konpran tout bagay, yap fèt dé plis 5 reyinyon avek tout moun é avek piblik la tou lan ou gwo sal pou yo ka tandé tout moun é pou tout moun ka di sa yo pansé sou Chanjman sa. Epi tou, la menm yo ap ekri kèk kòmantè dé kijan bagaye yo ap vin chanjé pou yo kapab voyé baye moun lan ou boatte koté yo mét lèt ké NYCHA ginyin pandan peryòd ké yo ap fè tout chanjman sa yo. Bagay sa yo ap kontinyé jiska 4 Jin 2006.

Aprè ké piblik la fin tandé kozé sa, Otorité yo pral réyini ankò avek “RAB” pou yo ka jwenn tout dènié kòmantè. Otorité yo ap fin mété ajou ekzamp plan-an ki bazé sou kòmantè ké yo jwenn nan “RAB” la ak nan piblik la tou. Chanjman sa yo ké yo dwé fè yo pral prezanté li devan yon otorité ki rélé “HUD” pou li ka égzaminé. “HUD” li mim gin 75 jou pou li travay sou chanjman sa yo ké NYCHA vlé fè lan lojman piblik. Lè tout bagaye vin chanjé yo pral apliké li pandan tout rès ané 2006 sa.

Chanjman sa ké yo fèt nan “NYCHA” pou ané 2006 ginyin ladan pwen ki enpòtan kap pèmèt NYCHA ki vlé pou li toujou gin dwa pou kébé kaye Piblik li okipé. Tout sa ap ginyin ladan: lajan ké NYCHA mété ou koté pou li ka sipoté lojman piblik pou tout tan. NYCHA gin ou bagaye li fèt kap pral ogmanté ou pakèt kantité lojman ki pa kouté chè; épi tou lap baye moun ki abité lan kaye piblik sévis ki bon pandan ké yo ap fè tout sa yo kapab pou li vin plis pi bon.

### ***Dépans Ké “NYCHA” Pral fè ak Bidjè li***

Moun sa yo ki sé otorité lan “NYCHA” apwouvé dépans pou ané 2006 avek ou pakèt lòt dépans ké yo pral fè lan ané 2006-2009. Ou ka wè tout bagay sa yo nou ap palé kounyé ya lan ou koté ké “NYCHA” ginyin ki sou [www.nyc.gov/nycha](http://www.nyc.gov/nycha). Lè ou entré la ou pral wè ké lajan-an piti anpil épi dépans yo gwo, min li gin ladan kanmèm ou gwo lajan ki sé \$100 milyon. Lajan sa soti nan “Vil New York la” pou li pèmèt NYCHA kontinyé baye sévis ki bon pou tout moun ki rété lan kaye li épi pou li kontinyé mété kob li nan ou koté ki pral fè kob sa vin plis. “NYCHA” ap fè tout bagaye say o pou ki ka toujou kébé kaye piblik sa yo pou tout moun ki rété ladan yo kounyé ya avek tout lòt moun ki pral vin rété andan kaye sa yo.

“NYCHA” fèk sòt resevwa ou Sètifika Pou Bon Jan Travay ké li fè nan Rapò sou lajan. Se koté sa yo ki gadé kijan moun dépansé lajan lan Etas Uni avek Canada ki té bal bagaye sa pou li fè konin rapò sou lajan li fè chak ané té bon anpil.

### ***Ki Jan Lajan Pou Kaye Pral Chanjé***

Lajan pou kaye sé ou bagaye ki fè NYCHA entrè kob pou li ka fè jou aprè jou tout sa li dwé lan tout 344 ko ken chin gwo kaye piblik so yo li ginyin. Sé avek lajan sa yo “NYCHA” fè tout sa li kapab. “NYCHA” pat jam fè pri kaye vin pi gwo dépi lané 1989 aloské té gin ou pakè bagaye ki té vlé li fè sa.

“NYCHA” pral chaché ogmanté pri kaye pou sèlman tout moun ki lwé lan min “NYCHA” (27%) é ki péyé lwaye ki pi wo wa. Tout moun sa yo gin lajan chak moa ki sé \$41,480 épi yo péyé ou pri ki an ba 30% lajan sa pou kaye koté yo rété ya. Sa ké li yé sè ké moun sa yo ki gin kob sa péyé sèlman 10% dé lajan yo fè pa moa pou kaye.. NYCHA vlé moun sa yo kounnyé ya péyé daprè lajan fanmi sa yo touché pa moa. Fanmi sa yo NYCHA pral fè yo tounin an twa, épi pri kaye fanmi sa yo ginyin pou li monté 10%, 20% ak 40%, sou ou peryòd ki plis ké 2 zan. Nan oken lòt ka pa pral ginyin kaye ké moun ap pral péyé pi plis ké 30% dé

lajan yo. Gin anpil moun ki lwé kaye lanmin “NYCHA” (73%), lajan yo fè pa moa sé \$11,587 épi yo péyé 30% lan lajan sa. Moun sa yo pa gin pou yo péyé plis kob.

Pou ka byen wè tout sa ou fè pou konin sou bagaye pri kaye ki pral vin pi gwo sé pou al gadé lan [www.nyc.gov/nycha](http://www.nyc.gov/nycha) ké NYCHA ginyin.

## ***Politik Fédéral Sou Kesyon Sa***

“NYCHA” ap kontinyé kébé épi baye sèvis ki toujou bon pou moun ki rété lan kaye li mem si li pa ginyin anpil lajan. Dépi lan ané 2002 Gòvèman Fédéral la pa baye gwo kob pou lip ran swoin kaye. Lin pat baye NYCHA lan ané 2001 \$258.6 milyon. Sé sak ki fè NYCHA pap baye anpil moun travay épi li té vin pa kapab fè gwo dépans. An plis de sa, lajan ke NYCHA té gin pou li té jwin vin pi piti, li té désan 13% lan 2001-2006.

Lan ané 1998, kongrè isi té baye “HUD” lòd ki pèmèt li travay avek komés pou yo ka wè ki jan pou yo baye lajan pou kaye piblik. Yo vini avek ou dènié règ lan Septanm 2005 épi “HUD” li mem té di sak pou fè lan ou bakaye li piblié lan moa Mas 2006. Nouvèl fòmil sa gin ladan ou kondisyon ki di ké komansé an 1<sup>er</sup> Oktòb 2006, NYCHA pral sèvi avek ou bidgèt ki gin rapò avek pri kaye, ak kakil sou ki jan li okipé bagaye li (éepi ké yo rélé “Fè safè ou avek kob ou ginyin”), sis a pa fèt lajan ké HUD baye NYCHA pral vin piti anpil lan ané 2007. Si ké NYCHA pa fè jan li dwo fè li pral pèdi lajan ki vó \$60 milyon pou 5 ane saa yo ki pral vini talè. NYCHA ap fè sal kapab lan tan li ginyin pou li pa pèdi lajan sa.

Pou NYCHA ka gin kob pou li ka fè sa li beswin, li pral wè si la mandé HUD pou li bali ou chance pou lajan kité la pou sèvis Kominotè, si ka fe règ fédéral yo vin pli légè, e si li ka pemet NYCHA mété lajan fédéral ki pa mem ou sèl koté (kaye piblik ak Atik 8) pou ké li ka fè sa li vlé.

## ***Atik 8***

Aprè ké yo bloké aplikasyon say o sou nouvo Atik 8 nan mwa Desanm 2004 la ki té rivé paské pap ginyin anpil pajan épi Kongrè té vini avek ou lòt jan pou baye lajan, NYCHA ap pral kapab lwé pakèt kaye ankò Lan Prentan 2006 la. Aprè tou efò ké majistra Bloomberg la avek ou bann moun ki sipoté kaye piblik té fè anpil bwi, Kongrè te vin monté lajan pou pwogram kap vini lan 2 ka lè yo tap wè ki jan yo pral baye lajan. Kongrè té baye \$13.462 milya lan Ané 2005 li é baye \$14.089 milya lan Ané 2006. Bidjè ké prezidan-an vini avek la vlé baye ou ogmantasyon de 2.7% lan Ané 2007 la ki pral fè kob la vini \$14.436 milya. An plis dé sa NYCHA kounyé ginyin 3,400 kaye ki sòti nan “HPD” épi 7,649 kaye pou Mitchell Lama ki soti nan HUD, se sa ki fè ké pwogram ka pral vini yan ap ou gwo bagaye.

Pou moun ki ap chaché kaye kounyé ya yo pral jwin aplikasyon ka pral fè yo rélé byen vit, mounsa yo gin ladan yo moun ki sibi abi lan kaye, moun ké yo fè pè pou pa alé lan jistise, moun ké sèvis pou timoun (ACS) avek sèvis pou moun ki pa gin kaye (DHS) voyé, moun pou Mitchell Lama yo, fanmi yo ki sou lis kap tann pou NYCHA rété yo, épi tou locatè yo avek moun ki ap chaché kaye sa yo ké Gòvèman fédéral pa baye kob pou yo.

## **Gòvèman Fédéral pa baye lajan pou Apatman sa yo**

“NYCHA” okipé plis ké 20,000 kaye ki té bati avek lajan ké Citi ya avek Eta New York la baye. Citi ya avek Eta New York la pa baye lajan pou kaye sa yo encò. Sé sa ki fè NYCHA dépansé ou pakèt kob pou pran swin kaye sa yo, sé sa fè kob Gòvèman Fédéral té baye NYCHA vin piti anpil. Pou bawou ou exzamp lan ane 2005 NYCHA té objé dépansé plis ké \$82 milyon lité séré pou pran swin kaye sa yo. Nou pa kapab kébé tout kaye sa yo ki pa jwin lajan lan Gòvèman Fédéral si ke nou pa chache ou jan pou nou jwin lajan pou nou comble vid sa ki ginyin lan kob pou péyé kaye é lan kob pou okjipé yo.

Poutèt sa NYCHA pral pran ou pati kob lan Atik 8 Govènman Fédéral la mandé pou li ka pou 8,400 apatman nan Vil ak nan Eta New York la. Premyé pa pou li ka fè bagaye sa li pral prank ob lan Atik 8 la pou li sèvi avek lan patman ki nan Vil yo ak nan Eta lè pa gin moun ki abité ladan yo épi lap baye moun ki abité lan Citi é Eta apatman yo kob sou papié ki lan Atik 8 la si yo vlé. Ou pakèt moun (71%) ki locatè pa pral wè okenn chanjman nan pri kaye si yo pran Atik 8 la. NYCHAap toujou mètt apatman sa yo é lap kontinyé okipé yo pou moun ki pa ginyin anpil lajan lan New York . HUD fè pou dakò ak sa Nycha vlé.

## ***Ogmantasyon pou Kantité Lojman ki Bon Maché Nan Vil New York la***

Nan moa Fevriye, Majistra Bloomberg té laji Maché Nouvo pou Kaye yo. Li kòmansé avek \$3.4 milya pou bati 68,000 apatman disi ané 2008, li fini avek \$7.5 milya pou bati 165,000 apatman disi ané 2013. Sé ou gran bagaye ké biwó Bloomberg la fè lan istwa lojman ki lan tout péyi sila. Li pral baye 500,000 kaye ki nèf pou moun lan New York. NYCHA sé ou asosyé ki konté lan zafè sa épi li pral travay ansanm avek koté ki kébé lojman (HPD) é avek koté ki bati yo (HDC). NYCHA Ginyin 1300 apatman kap vin pou li. Yo sé University Macombs, Brook/Willis, Markham Gardens, Prospect Plaza, Metro-North, Harborview, Chelsea Elliot, Fulton, Stapleton, ak Fabria Houses. NYCHA pral travay lan tout espas sa yo ki pat jam kon sèvi ki nan Linden ak nan Boulevard Houses avek tout ajans sa yo ki enwo la.

## ***Moun ki sibi abi nan kay yo***

“NYCHA” ap kontinyé fè tou éfò li pou li rété sansib a moun ki sibi abi nan kaye yo, kap chache kaye lan min li an min tan lap okipé lajan tou piti ké li ginyin.. Yo te bazé yo sou komantè tout locatè avek moun ki sipoté kaye piblik té fè pou baye moun ki vini avek papié lopital/medikal ou byen avek papié lapolice (NYPD) ou byen papie ki di moun ki fè abi ya lan prison kankou dokiman ki bon. Pou moun ki ap chaché kaye, yo ka baye ou papié lajistis (CDRC) ki bon tou.

Epitou, tan yo ap baye pou bon dokiman vin pi gran pou moun ki ap chaché kaye ou byen moun ki ap kité ou kaye pou ou lòt kaye. Pou moun ki ap chaché kaye yo fèt pou baye ou dézyèm papié lapolis lan 24 moa pou yo ka palé avek NYCHA, 12 moa pa bon. Moun ki ap kité ou kaye pou ou lòt kaye fet pou baye ou rapò ki lan 6 moa pou rivé lan 12 moa. Lan sa yo fè kounyé ya, moun we baye ou dézyèm papié ki montré lajistis ap protéjé wou kap pa bon si li pa plis ké 24 moa anvan ké ou mandé pou ou kaye sou papié é lè ké ou dwé palé avek NYCHA. kèk moun ki ap mande men ke pa yo wa ekspire epi li pa la deplis pase 12 mwa anvan demann transfè ya. Moun ki ap kité ou kaye pou ou lòt kaye, ou dézyèm papié ki montré lajistis ap protéjé wou ka pa bon si li plis ké 12 moa si ou poko mandé anyin.

Ane 2005 gin ou Lwa pou Fanm ki sibi abi ki ka fè NYCHA chanjé sa li kon mandé moun. NYCHA dwé rété tann sa HUD pral di lan bagaye saa pou ka pran désisyon pa li.

## ***Chanjman Lan “TSPA”***

“NYCHA” ap chanjé kounnyé ya jan li chwazi lokatè avek tout bagaye ki lan (TSAP) pou fè afè byen vit Moun ki ap kité ou kaye pou ou lòt kaye avek fanmi ki ginyin anpil moun lan kaye yo rété ya. NYCHA pral baye ouka moun ki ap kité ou kaye pou ou lòt kaye kote pou rété li pral baye mwatyé ki locatè lòt kaye. NYCHA ap baye moun kaye anvan dépi ké yo soti lan koté ki okipé moun ki pa ginyin kaye pou rété (DHS), moun ki malad avek sida, moun ki soti koté ki okipé zafè timoun ou byen ki soti lan HPD. NYCHA pral konsidéré tout moun kap chaché kaye min jan min si sé Citi ya ki voyé moun nan ou byen ou moun ki pa gin kaye pou yo rété. TSPA pral chanjé jan li kon fè zafè anba Atik 8 la. Li pral konsidéré avan moun ké DHS avek Citi ya é Eta la voyé bali.